

Pou Piblikasyon Imedya: 29/03/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOMINASYON PREZIDAN MTA A AK MANM KONSÈY LA

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse nominasyon yon nouvo prezidan Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA), Patrick J. Foye ki soti nan Konte Nassau, epitou kat nouvo manm nan konsèy la. Pwopozisyon Gouvènè a pou refòm epi finanse MTA te gen ladan yon mezi pou rezoud jan responsabilite Konsèy MTA a gaye a gras a modifikasyon nominasyon yo yon jan pou tout manda yo kadre avèk manda fonksyonè eli k ap fè nominasyon yo. Haeda Mihaltses ki soti nan Konte Queens ak Michael Lynton ki soti nan Konte Kings se ap fonksyonè Gouvènè Cuomo nonmen yo. Rhonda Herman ki soti nan Konte Westchester ak Kevin Law ki soti nan Konte Suffolk jwenn rekòmandasyon nan men Konte Westchester ak Konte Suffolk yo chak nan lòd.

“Mwen pran angajman pa adopte yon bidjè san plan konplè pou refòm biwokrasi MTA a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “MTA a bezwen yon konsèy ki pral sipèvize ak jere sistèm transpò piblik la pou li kapab pi byen sèvi pasaje li yo, epi eleman esansyèl sa a nan plan refòm MTA a pral garanti nivo responsabilite san parèy Nouyòkè yo merite a. Mwen remèsye manm sòtan yo pou sèvis yo ak angajman yo nan amelyorasyon rezo transpò piblik yo nan eta nou an.”

Patrick J. Foye

Yo te nonmen Mesye Foye Prezidan Otorite Transpò Metwopoliten an nan mwa Dawout 2017, kote li te mennen inisyativ inovasyon ak modènizasyon pi enpòtan yo epi ankadre jesyon toulejou ajans la. Anvan sa, li te sèvi kòm Manm Konsèy MTA ant 2010 ak 2012. Anvan li te vin nan MTA, Mesye Foye te dirije Otorite Pòtyè (Port Authority) New York ak New Jersey a kòm Direktè Egzekitif pandan sis lane, ant Novanm 2011 ak Out 2017, epi pandan tan sa a li te sèvi tou kòm Prezidan PATH. Nan Otorite Pòtyè a, li te jere operasyon toulejou yo nan ajans de eta a epi li te dirije elaborasyon Plan Envestisman 32.2 milya dola ajans la sou dis lane, epi an menm tan sipèvize kèk nan tranzaksyon P3 pi enpòtan yo nan nasyon an, sa gen ladan rekonstriksyon Ayewopò LaGuardia a ak konstriksyon yon nouvo Pon Goethals.

Mesye Foye te sèvi tou kòm Sekretè Adjwen pou Devlopman Ekonomik pou Gouvènè Andrew M. Cuomo ant Fevriye 2011 ak Novanm 2011, ap jere inisyativ pou redrèsman ekonomik, envestisman ak kreyasyon djòb, epi ap sipèvize Empire State Development Corporation. Anvan sa, Mesye Foye te yon asosye Fizyon ak Acha nan Skadden Arps epi li te asosye direktè nan biwo Briksèl, Bidapès ak Moskou fim nan.

Haeda B. Mihaltses

Madan Mihaltses, ki kounye a Vis-Prezidan Zafè Ekstèn pou New York Mets, te antre nan òganizasyon an nan lane 2014. Li se lyezon prensipal Mets avèk fonksyonè Minisipal, Eta ak Federal yo epi li sipèvize relasyon yo avèk pati enterese yo nan kominote a. Anvan sa, Madan Mihaltses te pase douz lane nan administrasyon Majistra Michael R. Bloomberg kòm Direktè Zafè Entègouvènmantal. Anvan li te vini nan biwo Majistra a, Haeda te travay nan Divizyon Finans Konsèy Minisipal New York la (New York City Council's Finance Division) kot Ansyen Prezidan Peter F. Vallone, epi finalman li te sèvi kòm premye Direktè Finansye Konsèy Minisipal la. Nan pòs sa a, li te mennen negosyasyon bidjè ant Konsèy Minisipal New York la ak Biwo Majistra a.

Michael Lynton

Mesye Lynton kounye a ap sèvi nan Konsèy Snap, Inc., Warner Music Group., Pearson, PLC., ak Ares Management, L.P. Li te sèvi kòm Direktè Egzekitif Jeneral Sony Entertainment apatide Avril 2012 jiska Fevriye 2017, ap sipèvize Biznis divètisman inivèsèl Sony yo, sa gen ladan Sony Music Entertainment, Sony/ATV Music Publishing ak Sony Pictures Entertainment. Michael te sèvi tou kòm Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Sony Pictures Entertainment depi Janvye 2004. Anvan li te antre nan Sony Pictures, li te travay pou Time Warner epi li te sèvi kòm Direktè Egzekitif Jeneral AOL Europe, Prezidan AOL International ak Prezidan Time Warner International, epi anvan sa te sèvi kòm Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Penguin Group Pearson plc a kote li te sipèvize acha Putnam, Inc. epi te elaji mak Penguin an pou mete mizik ak Entènèt ladan.

Rhonda Herman

Madan Herman te sèvi nan Komite Banlyeza Chemen Fè Metro-North (Metro-North Railroad Commuter Council) depi 2008. L ap travay kounye a nan Sèvis Revni Entèn (Internal Revenue Service) epi li te okipe plizyè pòs administratif nan Sistèm Enfòmasyon (Information Systems), Ti Biznis Endepandan (Small Business Self Employed) ak Divizyon Salè ak Envestisman (Wage & Investment Divisions). Li te yon lidè Twoup Eskout Fi pandan 12 ane ansanm ak Ko-prezidan Asosyasyon Paran Pwofesè (Parent-Teacher Association, PTA) Lekòl Segondè White Plains. L ap sèvi kounye a antanke Ko-Prezidan ak Ene PTA nan Pwogram Bous Rekonesans lan (Senior PTA Scholarship Recognition Program).

Kevin Law

Mesye Law te vin Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Asosyasyon Long Island (Long Island Association), youn nan òganizasyon biznis ki pi respekte yo nan Eta New York, an Septanm 2010. Anvan sa, Mesye Law te Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Kouran Elektrik Long Island lan (Long Island Power Authority, LIPA), 2yèm pi gran sèvis piblik nan peyi an ki gen plis pase 1.1 milyon kliyan. An 2011, Gouvènè Andrew M Cuomo te nonmen Mesye Law kòm Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Long Island lan (Long Island Regional Economic Development Council), yon konsèy k ap mennen inisyativ devlopman ekonomik nan rejyon an. Anvan sa, Mesye Law te asosye direktè nan biwo Nixon Peabody LLP ki nan Long

Island. Mesye Law sèvi nan toude Pànèl Konsiltatif “Fix NYC” Gouvènè a ak Komisyon Reyenvansyon Transpò (Transportation Reinvention Commission) MTA a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)